

ba yo plis konesans renmen yo plis

Telefòn 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon www.bayopliskonesansrenmenyo.org

Fè timoun aprann mizik depi nan bonè

Li pa janm twò bonè pou fè pitit ou kòmanse aprann mizik.

Timoun ki abitye ak mizik depi nan bonè kapab vin rekonèt mizik epi yo kapab renmen estil mizik sa a pi devan. Koute tout kalite mizik tou se bagay ki trase wout pou mizik devlope nan sèvo timoun nan, kapasite sa a vin amelyore pandan timoun nan ap vin pi gran. Sa ede anpil, lè paran yo fè mizik tounen yon bagay espesyal nan lavi fanmi yo.

Paran yo dwe jwe divès kalite mizik pou timoun yo. Fè yon jan pou wotè mizik la ap jwe a pa twò wo. Lè yon timoun ap tande mizik ki twò fò tout tan, sa kab lakòz domaj nan ti zòrèy li pou tout rèz vi li. Epi ou pa dwe janm mete kas nan zòrèy yon tibebe oswa nan zòrèy yon timoun piti.

Danse ak pitit ou lè CD ou pi renmen an ap jwe epi kite tout sa w santi parèt sou vizaj ou, pou chak moso k ap pase. Kon sa, pitit ou ap vin konnen mizik konn bay sansasyon. Chante epi ankouraje pitit ou pou li chante ansanm avè w lè li ka fè sa. Sa kab ede tibebe devlope ladrès langaj yo. Si ou menm oswa nenpòt lòt moun nan fanmi an konn jwe yon enstriman mizik, fè repetisyon ak enstriman sa a, lè tibebe a bò kote nou.

Men plis pase tout bagay, kite timoun ou yo amize yo ak mizik. Mennen yo nan konsè, chante chan timoun avèk yo epi prezante yo diferan kalite mizik. Mizik se yon kado k ap dire pandan tout lavi yo.

Si w vle plis enfòmasyon sou pwogram mizik pou jenn timoun, pran kontak ak "Arts for Learning Miami". Nimewo telefòn nan se: 305-576-1212.

Modesto E. Abety
Prezidan Direktè Jeneral
The Children's Trust

Yon ti kout je sou timoun k ap koute sa k ap pase nan yon monn nou pa konn kote l prale

Moun ki ekri atik sa a se Jessica Leon, LCSW, RPT-S, nan "Family Central".

Apil fwa lemond frappe ak yon seri evènman ki koze lapenn, tankou dezaz natirèl, lagè, vyolans anndan lekòl ak nan kominote yo, aksidan, maladi ki ka pote moun ale, kidnaping, eks. Pafwa, evènman sa yo fè nou menm granmoun santi nou san sekou epi nou pa an sekirite. E timoun yo menm, ki jan tout bagay sa yo k ap pase devan je yo aji sou yo? Sa aji sou yo menm jan sa aji sou granmoun. Timoun kenbe tout sa k pase anba je yo e fason yo wè moun yo konte sou yo pou renmen epi pou ba yo sekirite reyaji, sa aji sou yo anpil.

Pa gen anyen ki « senp » konsènan lavi timoun. Timoun se moun ak tout konplikasyon sa gen ladan e yo gen diferan fason yo reyaji devan sityasyon yo, sa depan de laj yo, nivo devlopman yo ak tanperaman yo genyen. Pandan nou tou de gen dwa konprann egzakteman pou ki sa pitit nou aji jan li fè a, sansiblite nou nan jan nou reyaji nou menm kapab ede timoun nan debouye li nan yon sityasyon ki difisil.

Konpòtman ou kapab remake:

- Li vin kole plis nan kò paran an, l ap kriye, l ap fè rechya.
- Gwo laperèz timoun nan genyen lè paran l ap kite li.

- Li gen yon konpòtman ki pi agresif.
- Li plis rete fèmen li pi mal pou l fè l ak moun.
- Jwèt ki plis chita sou evènman ki efreyan.
- Chanjman nan fason l dòmi ak fason l manje.
- Li pi fasil pou l monstre kò l epi li pi mal pou moun konsole l.
- Li vin tounen gen menm konpòtman tibebe piti a, tankou leve nan nuit toutan, oswa souse dwèt pous li.

Fason paran yo kapab ede pitit yo debouye yo:

- Etenn televizyon ak radyo nan lè nouvèl. Pa kite journal ap trennen anndan kay la. Ou pa oblije entèdi sa; annik triye bagay yo.
- Mande zanmi ak fanmi pou yo pa pale de evènman efreyan devan timoun nan.
- Toujou kenbe yon seri bon abitud ak timoun nan.
- Reponn bezwen timoun nan, ba li tout atansyon li bezwen, pou l sant l alèz epi l an sekirite.
- Suiv sa timoun nan yo ak atansyon epi ba yo anpil valè. Lè w pa okipe w de sa timoun nan santi yo, sa pa fè yo ale pou sa.

Site non sa timoun nan santi yo pou w ka ede l rekonèt yo: pè, tris oswa fache.

(Kontinye nan paj 2)



MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

Amizman ak bil savon	2
Mande yon espè kèk kesyon	2
Fason pou chwazi yon bon pwogram ete oswa yon bon pwogram apre lekòl pou pitit ou	3
Devlopman langaj lakay timoun	4

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvè aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti journal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



Yon ti kout je sou timoun k ap koute sa k ap pase nan yon monn nou pa konn kote l prale

(Atik sou paj kouvèti a ap kontinye)

- Bay timoun nan mwayen ki bon pou l ka di sa l santi yo: Fè desen, jwe wòl oswa rakonte istwa.
- Pa dekouraje timoun nan pyès teyat l ap jwe a, paske sa kab deranje lespri l. Anpil timoun degaje yo anba evènman ki fè yo pè nan repase evènman sa yo nan jwèt teyat.
- Rete kè kal, pran pasyan lè yon timoun ap fè rechya nan kò w oswa si l agresif. Li bezwen èd pou l kab reprann kontwòl tèt li epi pou l santi l an sekirite.
- Reponn kesyon timoun yo poze dapre nivo konprann yo genyen: “Wi, gen yon move bagay ki rive men n ap mete w an sekirite.” Bay yon repons ki senp e ki onèt.



MIAMI-DADE PUBLIC LIBRARY SYSTEM
www.mdpls.org

-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-276-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: www.mdpls.org

Suiv lòd: Ede pitit ou, ede tèt ou

Moun ki ekri atik sa a se Celia Barreiro-Blanco, M.S., CCC-SLP, yon patolojis sou kesyon langaj (abctherapyinc@yahoo.com).

Suiv lòd se bagay ki konplike pou timoun piti, e anpil fwa sa rann paran yo fache. Gen twa moso separe ki dwe rive chita nan plas yo: koute, konpòtman ak konprann.

1. Koute se bagay ki enpòtan anpil nan suiv lòd. Menm yon ti pwoblèm piti oswa youn ki pa dire lontan kapab lakòz pwoblèm langaj. Tout timoun ta dwe pran tès zòrèy regilyèman nan men yon espesyalis tande.
2. Konpòtman yon timoun (suiv avèk atansyon, fè sa yo di l fè a) kapab afekte dapre **fason** yo ba li lòd yo:
 - Kanpe pre timoun olye pou w ap pale ak li byen lwen nan chanm nan.
 - Bese pou w vin menm wotè ak timoun nan.
 - Ou kab touche l yon fason pou l kab koute w ak atansyon.
 - Ede timoun nan fè travay la depi sa nesèsè.
 - Evite rann lòd pou l suiv la sanble yon bagay ki ochwa (pran soulye w, **dakò?**).
 - Fè anpil elòj pou timoun nan, lè l fè sa w di l fè a.
 - Toujou parèt ak konsekans lè li pa fè sa w di l fè a.
 - Evite pou w ap plede repete sa w ap di a yon pakèt fwa.
 - Fèmen televizyon an oswa jwèt videyo a **anvan** w pase lòd la; timoun “lwen” lè yon aktivite pran tèt yo.
 - Bay timoun nan lòd nan nivo li kab konprann.
3. Pou w ka fè timoun ki piti anpil konprann ou klè epi pou w rive fè yo fè sa w bezwen an, ou kab: fè jès pou ranfòse pawòl w ap di yo; fè ti fraz ki tou kout; bay yon sèl lòd alafwa; epi pale pi dousman. Pandan timoun yo ap vin pi gran, y ap kapab degaje yo ak lòd ki pi konplike. Menm lè tout timoun pa devlope nan menm rit, men kèk ladrès ki toujou lakay timoun an jeneral, dapre divès laj yo genyen:
 - **9 a 15 mwa:** Suiv lòd yon sèl etap tou senp ki fèt ak jès (“Voye boul la” etan ou montre sa ak dwèt ou, “Pase m goblè a” etan ou lonje men w ap tann).
 - **15 a 24 mwa:** Suiv lòd yon sèl etap san okenn jès (“Al pran soulye w”, “Chèche kle a”).
 - **24 a 30 mwa:** Konprann prepozisyon tou senp (anndan, deyò, anwo, anba), ak pwonon tou senp (mwèn, pou mwèn, ou, pou ou); suiv kèk lòd ki an de etap (“Ouvri klozèt la epi pran soulye w”).
 - **30-36 mwa:** Konprann konsèp ki senp pou nimewo (youn, tout), ak pwonon ki konplike (pou li, msye,



manmzèl); suiv prèske tout lòd ki an de etap yo.

- **36-42 mwa:** Suiv lòd ki gen twa aksyon ki an rapò youn ak lòt (“Ouvri klozèt la, pran soulye ou epi pote yo bay Papi”); kòmanse kapab konprann fraz ki gen fòm negatif (“Pote sèvyèt ki pa mouye a vini”).
- **42-48 mwa:** Konprann anpil prepozisyon (anba, dèyè, akote, anfas); suiv lòd ki gen twa aksyon ki pa an rapò youn ak lòt.
- **48-60 mwa:** Suiv lòd ki pi long, ki konplike (“Mande frè w ki kote soulye li ye epi ede l mete yo nan pye l; apre sa etenn limyè yo, fèmen televizyon an, tanpri”); konprann anpil adjektif, advèb, ak mo ki make tan, mo ki montre bagay ki vin youn apre lòt (anndan, apre, epitou, lè).

Si devlopman langaj pitit ou ap trakase w, pale de sa ak yon pedyat oswa ak yon espesyalis langaj.

Ak enpe pratik, pitit ou ap reyisi nan suiv lòd epi l ap fè sa ak anpil konfyans, epi sa ap pèmèt ou jwenn plis tan pou w pase avè l ak kè kontan e mwens tan pou nou santi n fache.



The Children's Trust

MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan envestisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

Mizik ak desen nan pwogram apre lekòl

Pa gen anpil bagay ki pi enteresan pase son mizik. Lè yon timoun toujou nan anviwònman mizik kote gen diferan kalte mizik oswa kote gen moun k ap jwe yon enstriman mizik, sa kab youn nan kado ki pi presye yon paran ta kapab ofri timoun sa a.



Antrènman nan mizik gen gwo rapò ak kapasite pou langaj ak rezònman. Travay atis, tankou mizik, kapab ede yon timoun kanpe karaktè li, vin ogmante konfyans li gen nan tèt li epi bay pi bon rannman an jeneral nan lekòl li. Timoun ki patisipe nan aktivite mizik gen chans pou yo devlope pi bon disiplin, konfyans nan tèt yo ak esprit kreyatif.

Òganizasyon 'Children's Trust' la fè pwomosyon pou "travay atis" kapab antre nan pwogram ete apre lekòl li kreye a. Pa gen twò lontan de sa, gen kantite pwogram sou edikasyon nan kesyon atis ak mizik ki te benefisyè kèk don kòm rekonpans. Youn nan pwogram sa yo, se 'American Children's Orchestras for Peace', pwogram yo rive baze sou you lòt pwogram ki menm nan peyi Venezwela ki kreye òkès pou timoun epi ki pèmèt timoun ki nan nesosite jwenn opòtinite pou yo aprann jwe yon enstriman mizik.

"Objektif nou se bay timoun yo fòmasyon mizik nan yon anviwònman ki san vyolans." Sa a se pawòl Meyda Santandè, ki prezidan epi direktè 'American Children's Orchestras for Peace'. "Dapre sa nou panse, si timoun okipe nan pratike anndan yon òkès, yo pa pral antre kò yo nan oken dezòd."

'Americana Children's Orchestras for Peace' genyen 425 elèv ki patisipe nan sèt òkès pou enstriman ak kòd oswa senfonik, ak lòt kè, atravè lekòl ki nan Miyami-Ded. Tout timoun ki aplike, yo admèt yo nan klas yo, yo jwenn enstriman mizik gratis, e yo egzije yo pou yo patisipe nan sesyon pratik ki dire dezèdtan twa fwa pa semèn.

Se mizisyen pwofesyonèl ki montre patisipan yo li mizik, ekri mizik epi jwe yon enstriman mizik. Dapre Santandè, rezilta a se bèl bagay. Yo te rive fè timoun ki nan òkès 'Ada Merritt Elementary School' yo jwe nan diferan rankont, tankou nan Fwa liv Miyami, yo te òganize nan Miami Dade College, kote yo te gen youn gran sikse.

Lè elèv yo patisipe nan òkès ak nan koral, sa ranfòse konfyans yo gen nan tèt yo, sa montre yo ki valè travay ann ekip ak disiplin genyen, e sa fè prezans timoun yo nan klas yo a tout patisipasyon paran yo vin pi djanm. Paran yo santi yo fyè de rannman pitit yo e anpil fwa, yo konn rete chita nan sesyon pratik yo, dapre Santandè. Li kontinye pou l di : "Menm lè gen anpil anpil gwo avantaj pou moun patisipe nan kou mizik, avantaj ki pi enpòtan yon moun kapab jwenn nan esperyans jwe nan yon òkès, se jwenn amizman nan jwe mizik."


Gen kèk lòt fason ou kab ede pitit ou pou l aprann apresye mizik:

Varye mizik yo. Abitye timoun yo ak divès kalte mizik. Bat men n oswa pye nou, balanse kò n nan akò mizik yo, yon fason pou timoun yo k ab vin abitye ak tout kalte rit. Chèche yon ti bagèt jwèt bay timoun nan oswa nenpòt ti moso baton pou kab montre l ki jan pou l "dirije yon òkès".

Al koute djaz k ap jwe. Mennen timoun yo nan fwa k ap òganize, nan konsè ak evènman ki gen nan kominote a, kote yo kab koute mizik an dirèk ak son k ap soti nan enstriman k ap jwe yo.

Kontinye tradisyon an. Montre pitit ou ti chante dodo titit ak lòt ti chan yo te montre w ou menm, lè ou te piti. Chak peyi oswa chak rejyon genyen yon kantite richès ak chante espesyal yo kite de papa an pitit, pou yon gwoup ras oswa yon peyi patikilye. Fè pitit ou gen yon apèsi sou divès kilti yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou 'American Children's Orchestras for Peace' (Òkès timoun ameriken pou lapè), tanpri rele Meyda Santandè nan nimewo 305-448 8282.



Kwen atis Kreye souvni ki vivan

Moun ki ekri atik sa a se Kristin Read ki nan Early Childhood Center Miami Children Museum nan.

Ete a fini, e menm souvni amizman nan solèy yo kòmanse ale. Men yon fason amizan pou rann souvni sa yo vivan ansanm ak pitit ou:

1. Vin ak pape ansanm ak kreyon desen. Ankouraje pitit ou ki nan laj preskolè pou l desine kèk moman li sonje nan ete a. Pitit ou ki pi piti a ka annik amize l ap fè majgridji ak divès koulè sou yon mòso pape. Pitit ou ki pi gran an gen dwa kapab fè desen ki pi klè. Fè aktivite sa a tounen yon pwojè amizan pou wou ak pitit ou.
2. Mande pi gran an pou l pran kreyon desen ki fè li sonje koulè li te wè pandan ete a. (Èske timoun ou yo sonje koulè ki gen nan lanati a : vèt pou zèb, ble pou lanmè ? Oswa èske y ap chwazi koulè ki montre ki jan ete a te ye, egzanzp : wouj ak jòn pou chalè a ak limyè solèy la ?)
3. Ou kapab fè aktivite sa a al pi lwen toujou : ajoute bagay moun kapab santi anba men yo nan desen an. (Yon timoun ka chwazi pou l simen ti sèl pou reprezante sab la oswa pou l mete yon moso riban pou l ka reprezante yon kawotchou dlo nan jaden.)

4. Lè timoun nan fin fè desen an, mande l pou l pale w de sa li sot desinen an. Mande l pou l make yon deskripsyon nan do pape a. Pi gran an gen dwa di « Se yon solèy jòn. » Pou yon timoun ki piti, ki nan faz devlopman langaj, ou ta kapab di l : "Ou chwazi koulè jòn. M renmen koulè sa a tou!"

5. Rete reyalis nan sa ou ap atann de timoun nan, epi amize nou.

Lè w ap bay timoun piti materyèl desen, bat pou toujou gen siveyans granmoun epi ou dwe sèten materyèl sa yo bon pou laj timoun yo epi tou yo mache ak nivo devlopman yo.



Manje pou fè bwat lekòl

Moun ki ekri atik sa a se Sheah Rarback

Tounen lekòl se yon nouvo aktivite aprann ki kòmanse pou pitit ou. Lè fini tou, se moman pou w netwaye bwat pou pote manje midi a epi pou w kòmanse fè plan pou kèk ti repa byen gou ki gen bon vitamin pou sante timoun yo. Apre tout yon maten timoun nan pase ap aprann ABC, ti poz pou manje a rive a lè. Ki pi bon fason ki genyen pou fè yon bon souri parèt sou vizaj pitit ou, pase yon bagay li renmen li pral manje? Men kèk ti trik ki ka pèmèt manje midi a tounen yon bèl aktivite manje, menm pou timoun ki pi difisil nan manje a.

- Pale ak timoun nan sou sa li ta renmen manje a midi. Mennen pitit ou nan makèt pou yo ka chwazi pwòp legim ak fwi pa yo pou yo mete nan bwat manje yo.
- Sèvi ak yon fòm pou fè bonbon pou kab bay yon sandwich òdinè yon fòm estwòdinè. Se bèl plezi pou timoun manje bagay ki gen fòm kè, fòm won, ak fòm bèt.



- Prepare yon repa ki gen omwen twa kalite gwoup manje diferan. Li bon lè manje a an ti pòsyon piti. Yon egzanzp, se ta mwaye yon sandwich kodenn (pen ak vyann), yon tas fwi ak lèt ki pa twò gra.
- Prepare manje ki fasil pou manje, tankou ti kawòt piti, rezen, tomat, tranch konkonm, franj piman vèt ansanm ak yon sòs ki pa twò gra.
- Fè sandwich ak pen konplè, ak pita, ak tòtiya oswa ak woule ki fèt ak farin ble. Anpil timoun renmen pen diri paske li kriprap anba dan yo epi li bon ak manba.
- Kòmanse mete divès posiblite chwa nan sache. Si pitit ou vle tchips, ba yo sa ki prepare anndan fou yo oswa ba yo pretzèl. Kòm bagay dous, chwazi fwi oswa konsèv fwi ki nan pwòp ji pa li.

Manje ki sot lakay gen plis valè pase yon senp nitrisyon si w mete swa yon ti pawòl, swa yon otokolan oubyen yon foto chen an nan bwat lekòl timoun nan. Lòt ti bagay amizan ou ka ajoute ankò, se yon bèl ti kreyon, oswa yon gòm pou efase oubyen tou yon kiyè oswa yon fouchèt ak diferan koulè sou yo.

Patisipè Nan ti Journal sa a...



Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak publikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvanasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)

Moun ki nan komite revizyon

journal sa a se:
Dr. Debbie Glasser

ba yo plis konesans



3250 SW Third Ave.
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665